Bhaibheri re vana
Rinokupai

Joshua
anotora
utongi

Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rakafanidzirwa na: Janie Forest
Alastair P.
Rakatorwa na: Ruth Klassen

Rakashandurwa na: Miriam Furusa

Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Moses akanga afa. Joshua aiziva kuti Mwari vanga vamusarudza kuti atungamirire vana veIsirairi. Joshua asati agadzirira mauto ake aifanira kutanga agadzirira iye pachake.

Mwari akavimbisa
Joshua kukunda
nekubudirira
munyika
yechipikirwa
kana vanhu
vakateerera
mirairo
yaMwari
nguva dzese.



Vana veIsirairi vakavimbisa kuteera
Joshua nekuteerera shoko raMwari
nguva dzese.
Neungwaru,
mutungamiri
mutsva
akatumira
vasori
kuCanaan kuti
vaende ...

... kunocherechedza kuzvidzivirira
pahondo kwevanhu vemuguta guru
reJericho.
Hondo
yekutanga
yeIsirairi
yaizorwirwa
ikoko.

Panewo akaudza Mambo wemuJericho kuti muguta mainge mapinda vasori. Mambo akatumira masoja ake kunovatsvaga.

Kuvatsvaga kwakatanga
kumba kwaRahab uko kwaiva
kuchigara vasori. Masoja akasvika
akagugudza zvine hasha pamukova
waRahab. Nekukasika Rahab
akaviga vasori pasi peuswa.

Masoja paakange aenda Rahab akakasira kuburutsa vasori muguta achishandisa shinda tsvuku. Nemhaka yeyi akabatsira vasori ava, nekuti aiziva kuti Mwari aiva navo.

Rahab aishuva kuti Mwari achengetewo upenyu hwake. Vasori ava vakavimbisa Rahab kuti upenyu hwake nehwemhuri yake hwaisazoparadzwa.

Vasati vasvika kuJericho, vana veIsirairi vaifanira kuyambuka rwizi rwe Jordani kuti vapinde muCannan nyika



yechipikirwa. Asi paiva pasina zambuko rekuti vayambuke!
Vanhu vaizoyambuka sei?

Mwari vakaudza Joshua kuti vaPirisita vaizotungamira masoja nevanhu vakatakura areka yaive nemitemo yegumi.



VaPirisita makumbo avo paakangotsika pamahombekombe erwizi, Mwari vakaita chishamiso. Mwari vakaita nzira yakaoma nepakati pemvura.



Mushure mekunge vanhu vese vayambuka zvakanaka, vakaisa matombo gumi nemaviri pamahombekombe erwizi nemamwe zvakare parwizi rweCanaan.



Matombo aya waiva
mucherechedzo
wekurangaridza
vana vavo
nezvesimba
raMwari
nerudo
rwake.





Jericho yaiva nemidhuri yakasimba chose.

Apo Joshua aigadzirira kuti
aizopamba sei guta
iri, Mwari vakatumira
mukuru wehondo
yavo kubva kudenga
kuti arangaridze
mutungamiri
mutsva weIsrairi
kuti Mwari
anokundira van
vake hondo dzavo.



Mwari vakaudza Joshua kuti aizopamba sei Jericho. Yaiva nzira isina kujairika. Vanhu vaMwari vaizotenderera guta kamwe pazuva kwemazuva matanhatu, ...



... vozotenderera kanomwe musi wechinomwe. Vaizofanira kuridza mabhosvo nekudanidzira guta raizowhondomoka pasi!

Joshua nemauto ake vakaita sezvakataurwa naMwari. Zvichida vanhu vemuJericho vakatombovaseka. Asi pavakatenderera kechinomwe musi wechinomwe vaprisita vakaridza nyanga yehwai.

7





Sekutaura kwanga kwaita Mwari ... MASVINGO EJERICHO AKAWIRA PASI!

7





Imba yaRahab
chete ndiyo yega
isina kuparara
paguta rese.

Akange asiya shinda tsvuku
ichirembera pafafitera
rake Nekukasika, mauto
aJoshua akabatsira
Rahab nemhuri yake.

kuvachengetedza.
Jericho yakabva
yaparadzwa
sekutaura
kwaMwari.

Nekurevesa, Joshua akapira

upfumi
hwemu Jericho,
goridhe, sirivha
nezvakakosha kuti zvishandiswe
mubasa raMwari. Joshua akaisa
chituko pamunhu aizovaka
guta iri rakaipa zvakare.

Nenguva
isipi munhu wese
munyika ye Canaan akanzwa
kuti Joshua ainge akunda sei
Jericho. Vakabva vakaziva
kuti Mwari aiva nevanhu vake.

Joshua anotora utongi

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Joshua 1-6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16